

**Regleman Byennèt pou:
MATCH CHARTER PUBLIC SCHOOL**

Entwodiksyon:

Kòm sa mansyone nan règleman sa a, "byennèt" vle di yon pwosesis kote yon moun deplase nan direksyon pi bon sante fizik ak mantal, kèlkeswa eta sante aktyèl oswa andikap, lè l fè chwa pratike sante ki sen nan yon anviwònman k ap ankouraje n pran bonjan desizyon sanitè. Match Charter School ("Match") rekonèt enpòtans ki genyen nan kreye yon anviwònman favorab nan lekòl la, epi li te etabli yon Komite Konsilatif Byennèt nan Lekòl la ("Konsèy Byennèt" oswa "Konsèy") ki pral kolabore ak moun ki gen enterè ki gen rapò ak optimize byennèt elèv yo.

Deklarasyon Konsènan Pwotokòl:

Match gen objektif li vize pou ankouraje byennèt elèv yo nan ranfòse kapasite yo pou fè chwa ki sen ak kenbe yon konsèp sante pou pwòp tèt yo nan lekòl ak nan tout lavi yo. Règleman sa a pral dekri pratik pwomosyon byennèt Match ak pwotokòl pou amelyore règleman ak pratik ki nan dokiman sa.

Gid Administratif:

An akò ak 105 CMR 215, M.G.L. c. 111, § 233, Lwa Piblik 111-296 ak Lwa Piblik 108-265, Ofisye an Direktè akademik pral nome yon Konsèy Byennèt ("Konsèy la") yon fason pou maksimize opòtinite Match genyen yo pou l resevwa prim ki gen rapò ak byennèt elèv ak moun ki responsab pou kontwòle travay konsepsyon an ak mete sou pye pwogram ki fè pwomosyon byennèt aktivman nan chak kanpis Match yo ("Plan byennèt la"). Chèf Operasyon an sèvi kòm prezidan nan Konsèy la pou l asire fonksyonman aktif Konsèy la nan sèvi kòm lyezon ant Konsèy la ak Direktè akademik lan. Konsèy la dwe reyini chak trimès, ak tout rapò Konsèy la ak prosè-vèbal reyinyon Konsèy dwe transmèt bay Depatman Sante Piblik Massachusetts oswa bay Ministè Edikasyon Primè ak Segondè sou demann. Lè sa posib, paran yo, elèv yo, òganizasyon kominotè k ap sèvi jèn yo, reprezantan lokal sante piblik, doktè lekòl la ak moun k ap bay swen sante lokal yo dwe envite pou patisipe nan reyinyon Konsèy la ak / oswa rantre nan Konsèy la fòmèlman. Plan Byennèt la ("Plan an") ki nan dokiman sa a, dwe revize epi fè l disponib pou Komisyon Konsèy la ak Direktè Akademik lan chak ane, menm jan tou afiche l piblikman sou sit entènèt Match la.

A. Responsablite Konsèy Byennèt:

- I. Plan Byennèt la: Chak ane akademik, Konsèy la pral revize Plan Byennèt ki dekri pwogram ak pwosedi yon fason pou abòde ominimòm edikasyon ak sèvis sanitè nan Match, nitrisyon eskolè, edikasyon fizik, ak opòtinite adisyonèl pou aktivite fizik nan anviwònman lekòl la. Plan an dwe gen ladan l:

- a. Objektif obsèvasyon ak evalyasyon ak / oswa objektif pou ane kap vini y ap pran an kont, lè sa posib
 - i. Sijesyon ki soti nan men moun ki gen enterè yo, sa gen ladan, kòm egzanp, elèv yo, paran yo, pwofesè yo, enfimyè lekòl yo ak administratè lekòl yo;
 - ii. Ki soti nan chak kanpis;
 - iii. Enfòmasyon general sou sante piblik;
 - iv. Enfòmasyon sou inisyativ ak pratik konnia ka gen enpak sou santé elèv, tankou
 - 1. Done pou tès depistaj BMI;
 - 2. Sitiyasyon pwogram nitrisyon alimantè;
 - 3. Opòtinite siyifikatif pouf è aktivite fizik, ki gen ladan l edikasyon fizik, rekreyasyon, ak deplasman pou rantre soti nan lekòl la; ak
 - 4. Sitiyasyon edikasyon aktyèlman nan domèn lasante ak sèvis yo;
 - b. Yon plan daksyon ki detaye nan ki fason konsèy la; ak lekòl pèsonèl yo pral kolabore pou reyalize objektif yo chak ane;
 - c. Yon pwotokòl k ap evalye siksè pou plan byennèt la;
 - d. Yon plan daksyon pou mobilize sipò kominotè pou inisyativ byennèt lekòl la;
 - e. Yon estimasyon sou reyalizasyon pou ane pase ak idantifikasyon travay ki toujou nesèsè pou akonpli objektif ane pase; ak
 - f. Yon revizyon manb yo ak patisipasyon manb yo ane pase, si sa nesèsè.
- II. Chèche Sibvansyon: Konsèy la dwe chèche, aplike, ak jere sibvansyon yo yon fason pou ogmante kapasite Match nan sipòte sante ak byennèt elèv yo, lè sa posib .
- III. Reyinyon chak Semèn: konsèy la dwe reyini chak trimès pou evalye enpak plan byennè la, ak fè chanjman nan plan an si sa nesèsè.

B. Plan Byennèt Match Charter Public School:

- I. Manb Konsèy Byennèt yo: Moun sa yo pral sèvi kòm manb konsèy byennèt pou ane :
- a. Prezidan : Direktè Operasyon;
 - b. Direktè Angajman Kominotè;
 - c. Ofisye anchèf lekòl la
 - d. Direktè Atletik ak Pwofesè PE, Match High School;
 - e. Pwofesè Istwa ak Sante, Match High School;
 - f. Asistan Direktè, Match High School;
 - g. Direktè Atletis ak Match Corps, Match Middle School;
 - h. Pwofesè Edikasyon Fizik, Match Middle School;
 - i. Travayè sosyal, Match Middle School;
 - j. Enfimyè, Match Community Day; epi
 - k. Pwofesè Fitness, Match Community Day.
- II. Pwogram Reyinyon Konsèy Byennèt: Konsèy la pral reyini:

- a. 6 Desanm 2023, 3:00 PM – 4:00 PM, Match Middle School
- b. 7 Fevriye 2024, 3:00 PM – 4:00 PM, Match Middle School
- c. 1 Me 2024, 3:00 PM – 4:00 PM, Match Middle School

III. Objektif ak Prosedi yo:

- a. **1ye Objektif: “Kreye yon anvirònman sen pou sipòte siksè akademik”** lè yo pran mezi sa yo:
 1. Tout anplwaye pral kreye, kontribye, epi kenbe klas la ak anviwònman lekòl chak elèv, y ap respekte paran ak kòlèg yo, y ap bay yo valè, e y ap aksepte yo;
 2. Tout bilding lekòl la ak lakou a, otobis yo, ak ekipman pral reponn ak kondisyon sou kritè lasante ak sekirite epi yo pral kenbe yo regilyèman pou asire yo se kote ki ka akeyi moun, byen pwòp e san danje; ak
 3. Depatman Sèvis Alimantè pral suiv regleman sou alèji k ap menase lavi nan Match, pou asire sekirite nan manje. Komisyon Konsèy Sante Lokal la pral enspekte tout enstalasyon kuizin yo omwen yon fwa chak ane
 4. Fòmè tout anplwaye yo ak elèv yo sou metòd repons ALICE aktif tirè ki baze sou rechèch pou amelyore preparasyon lekòl la pou ijans.

Objektif 1 pral mezire pa dosye enspeksyon yo, sondaj konsènan aplikasyon egzèsis/fòmasyon tirè aktif ALICE, ak/oswa sondaj Match nan fen ane a.

- b. **2yèm Objektif: “Bay yon Edikasyon Byennèt bon kalite”** nan anseye, ankouraje, ak sipòte elèv yo nan fè chwa ki annamoni ak sante pou tout lavi, kidonk redui risk pou trape maladi ak maladi kwonik alavni, ki gen ladan l:
 - i. Edikasyon Nitrisyonè, ki gen ladan l:
 1. Yon edikasyon entèraktif K1-12 sou nitrisyon ki adapte ak devlopman kiltirèl apwopriye ki sansib e ki ofri elèv yo kapasite yo bezwen pou adopte yon chwa sou konpòtman sante alimantè, ak mete aksan sou moderasyon, kantite ak limit rezonab konsènan pwodui alimantè anbwate ki dous;
 2. Ankourajman ak sipò pou entegrasyon edikasyon nitrisyonè nan pwogram debaz yo tankou: matematik, lasyans, langaj atistik ak syans sosyal, lè sa nesesè;
 3. Mesaj nitrisyonèl regilyèman nan tout lekòl la, nan klas la, ak nan kafeterya a;
 4. Fòmasyon pwofesyonèl san kanpe pou anplwaye yo, si sa nesesè, ak;
 5. Kominikasyon klè avèk fanmi yo;
 - ii. Edikasyon Fizik, ki gen ladan l:
 1. Klas Edikasyon fizik ki bay opòtinite pou elèv ki andikape oswa ki gen bezwen espesyal nan domèn sante, ak pou

- elèv ki nan anviwònman edikasyon altènatif; ak
2. Pwofesè edikasyon fizik ki mete aksan sou benefis ki genyen nan yon lavi ki long ak juisans, nan kondisyon fizik ak aktivite;
- iii. Sante Edikatif, gen ladan l:
1. An Yon pwogram edikasyon sou lasante enklizif k ap edike elèv yo sou yon pakèt sijè nan plizyè domèn, tankou konpòtman kont entimidasyon, kapasite sosyal / emosyonèl, respè, planifikasyon alavans, pibète, itilizasyon dwòg, aktivite fizik, aktivite seksyèl, devlopman imen, bonjan nitrisyon, chwa teknolojik, ak jesyon estrès; ak
 2. Mete aksan sou kapasite pratik pou pran bon desizyon.

2yèm Objektif la pral evalye ak yon tès depistaj sante (tankou enfòmasyon BM sou tan an), jan sa apwopriye, menm jan tou pou revizyon pwogram yo.

- c. **3yèm Objektiv: “Bay bonjan aksè pou manje ki nourisan”** pou asire n gen bonjan manje ki disponib nan tout anviwònman lekòl la, e elèv yo ka pratike nan fè bon chwa nan:
- i. Patisipe nan pwogram nasyonal manje midi ak dejene anba dispozisyon kalifikasyon kominotè (CEP), ki bay manje nitritif pou tout elèv yo;
 - ii. Patisipe nan fwi ak legim fre, pwogram USDA ki bay fwi ak legim fre a tout elèv lekòl primè K2-5, de jou pa semèn.
 - iii. Bay elèv yo goute sa ki bon pa mwayen CEP a; lè sa posib
 - iv. Asire n tout manje ki fèt yo e ki disponib pandan repa midi a rèspekte kritè sou sekirite alimantè yo;
 - v. Asire n enfòmasyon nitrisyonèl ak engredyan yo disponib pou tout manje yo ofri atravè pwogram manje midi lekòl la sou demann, ki gen ladan l kondisyon apwopriye chak jou ak enfòmasyon sou mezi a; ak
 - vi. Asire n gen bonjan akomodasyon ki disponib pou elèv ki gen alèji ak kèk aliman, e ki bezwen dyetetik espesyal ak bezwen medikal.

3yèm objektif la pral evalye patisipasyon elèv nan pwogram nasyonal repa eskolè a, Pwogram USDA Fresh Fruit and Vegetable, menm jan tou yon revizyon nan enfòmasyon moun k ap van manje nitrisyonèl midi a nan Match, jan sa mande

- d. **4yèm objektif: “Bay posiblite pou gen Aktivite Fizik”** ankouraje elèv yo rete anfòm fizikman:
- i. Bay aksè a esponsò lekòl la, patwon ak komite klèb yo, aktivite anndan kay, rekreyasyon, ak klas edikasyon fizik lè sa posib;
 - ii. Fè efò pou bay poz nan aktivite fizik ki kout ant leson oswa klas la pou eksitasyon mantal ak fizik jan sa apwopriye.

4yèm objektif la pral evalye suivi patisipasyon elèv yo nan aktivite eskolè ak atletik alavni.

- e. **5yèm objektif: “Asire w gen swen santé de kalite ki bay e ki disponib pou tout elèv pandan jounen lekòl la” nan:**
- i. Asire n enfimyè lekòl la travay aktivman pou reyalize misyon biwo santé a, jan sa endike nan manyèl espikasyon sante elèv yo;
 - ii. Asire n lidè etablisman eskolè yo, enfimyè yo, ak anplwaye dwe kolabore pou gen yon plan pou aktivite lekòl la entèdi tankou spti nan lakou a, aktivite nan klas, jounen detant, elatriye, ankonsiderasyon ak swen mediakl elèv yo ak bezwen dyetetik; ak
 - iii. Suiv tout regleman depatman santé piblik Massachussetts ak gid direktif yo ki gen rapò ak sante elèv;

Chèf pou operasyon 5yèm objektif I pral evalye aplikasyon regleman lekòl ki pi enpòtan .

IV. Plan daksyon pou mete an Aplikasyon 2023-2024: Konsèy la pral aplike Plan an kòmanse pou ane lekòl 2023-2024 la jan sa a:

- a. Direktè Operasyon rezo a, oswa yon reprezantan I pral avèti konsèy la, direktè akademik lan, ak anplwaye lekòl la sou dènye revizyon plan an, epi yo pral revize dosye enspeksyon ak revizyon pèfòmans, oswa lòt done ki gen rapò ak evalye siksè nan plan an.
- b. Pandan ane lekòl, konsèy la pral pran mezi say o pou I amelyore aplikasyon plan an:
 - i. Direktè Operasyon Rezo a pral sipèvizè revizyon/enplemantasyon sondaj elèv yo, itilizasyon yon tracker pataje sou entènèt pou kontwole antretyen ekipman medikal, epi li pral asire ke Règleman Match pou alèji ki menase lavi yo afiche nan plizyè kote vizib pou amelyore aplikasyon an. nan **Objektif 1;**
 - ii. Direktè Operasyon Rezo a pral kolabore ak ekip lidèchip lekòl yo pou fòme tout anplwaye ak elèv yo sou metòd repons tirè aktif ALICE, epi fè egzèsis ki apwopriye pou devlopman pou amelyore aplikasyon Objektif 1;
 - iii. Direktè enskripsyon elèv yo pral kontinye kontwole seryezman aplikasyon **Objektif 3 a;**
 - iv. Direktè atletik ak Direktè Operasyon rezo ap koòdone ak moun ki enterese entèn ak ekstèn pou chache opòtinite adisyonèl pou ofri aktivite siplemantè-kourikoulòm pou elèv yo pou avanse **Objektif 4;**
 - v. Direktè atletik yo pral kreye yon system pou I kolekte epi konsève done sou patisipasyon elèv yo nan konpetisyon atletik pou I plis evalye **Objektif 4 la;** ak
 - vi. Direktè Operasyon rezo a, oswa reprezantan li, pral aplike yon pwotokòl operasyonèl pou tout lekòl la; ki gen rapò ak sante, ak lè yo soti nan lakou lekòl

la. Yon fason pou amelyore aplikasyon **Objektif 5 lan.**

Mizajou: Jiyè 2023